



Pou Piblikasyon Imedya: 15/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO REKÒ TRAJÈ METWO A NAN EPÒK PANDEMI AN

Trajè Metwo a rive nan 3.2 milyon mak nan dat 14 oktòb la pou premye fwa depi pandemi an

Livrezon sèvis la amelyore a 92%

Metwo, bis, ak trajè wout ray yo konbine depase 5 milyon pasaje pa jou

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo rekò pakou metwo 3,236,904 pasaje nan peryòd pandemi an nan dat 14 oktòb la, ki depase ansyen seri nan dat 7 oktòb la pou apeprè 50,000 pasaje. Wout ray Staten Island la te rive nan yon rekò tou, ki pote 7,367 kliyan pou yon total konbine 3,244,271. An jeneral, sistèm metwo a te pote plis pase 3 milyon kliyan uit fwa nan mwa oktòb la jiska prezan.

Gouvènè a te anonse tou ke livrezon sèvis nan Metwo Vil New York la, pousantaj tren ki pwograme ki disponib pandan lè pik yo, ki mezire sou tout liy ki pi frekante an, te amelyore a 92 pousan nan oktòb la ak reta chak jou ki bese a plis pase 13 pousan, ki mennen nan yon lòt nouvo rekò pakou pandan peryòd pandemi an nan dat jedi 14 oktòb la.

"Rekò pakou sikilasyon an voye yon siyal ke retou New York la ap ranfòse." **Gouvènè Hochul te deklare.** "Bis, metwo ak sistèm ray pasaje yo se kolòn vètebral ekonomi nou an toutotan moun ap retounen nan plas travay yo, epi n ap kontinye travay ak MTA pou kenbe dinamik sa."

Pakou bis yo kontinye yon rekiperasyon ki sen, ki pote plis pase 1.4 milyon pasaje nèt fwa nan mwa sa. Transpò Piblik Vil New York la (New York City Transit, NYCT) an antye te pote plis pase 4 milyon pasaje nèt fwa nan mwa oktòb la.

Anplis total ankourajan nan metwo ak bis yo, toulede wout ray pou pasaje yo kontinye montre siy yon rekiperasyon ki solid. Pakou la semèn Metro-North la te plane konstaman a anviwon 122,000 nan jou lasemèn yo. Wout Ray Long Island lan te rive an mwayèn 150,000 kliyan chak jou la semèn nan oktòb la. Total bis NYCT ak metwo konbine ak Wout Ray Rail Road ak Metro-North te depase 5,000,000 pasaje nan dat 14 oktòb la.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa MTA, Janno Lieber, te deklare, "Nouyòkè yo ap vote ak pye yo pou montre yo santi yo an sekirite epi alèz pou itilize transpò piblik, epi nou kontan pou akeyi yo ankò. Kite rekò pakou yo montre ke MTA a retounen ofisyèlman sou bon wout epi pare pou dirije relans rejyon an."

Rekò pakou resan an vini kèk semèn apre Otorite a te lanse fòmèlman "[Welcome Back New York \(Bon Retou New York\)](#)," yon kanpay mesaj piblik solid ki vize pou ankouraje Nouyòkè yo retounen nan sistèm nan.

MTA te adopte pwotokòl netwayaj ak sanitasyon san parèy nan ane depi lè pandemi an te kòmanse pou asire ke sistèm lan gen plis sekirite ke posib pou kliyan li yo. Otorite a te lanse tou kanpay edikasyon piblik epi te pibliye plizyè milyon mask bay kliyan li yo.

Anvan pandemi a, total depasman nan jou lasemèn mwayen te depase 5.5 milyon nan sistèm metwo a pa woutin. Chif sa a te bese a 95 pousan a apeprè 300,000 vwayaj pa jou nan mwa avril 2020 pa akòz kantite ka COVID-19 te rive nan pik li nan zòn Vil New York. Anplwaye MTA yo te kontinye bay sèvis pou pwofesyonèl swen sante premye liy ak lòt travayè esansyèl ki te bezwen ale travay pandan kèk nan jounen ki te pi difisil nan listwa Vil New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)